



Pou Piblikasyon Imedya: 10/09/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE NOUVO GWROUP TRAVAY SOU SIYAL TELEFÒN
SELILÈ NAN REJYON NÒ ETA A**

***Gwoup Travay la pral Elabore Rekòmandasyon pou Reponn a Mank Sèvis Siyal
Telefòn Selilè ki Genyen nan Zòn Rural ak Zòn Izole yo nan Rejyon Nò Eta New
York***

Gwoup Travay la ap Óganize Premye Rankont yo Jodi a

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse nouvo Gwoup Travay sou Siyal Telefòn Selilè nan Rejyon Nò Eta a (Upstate Cellular Coverage Task Force), ki pral elabore solisyon potansyèl ak politik pou reponn a mank sèvis siyal telefòn selilè ki genyen nan zòn rural ak zòn izole yo nan rejyon nò eta New York la. Empire State Development pral jere Gwoup travay la, ke Gouvènè a te premye pwopoze pandan Diskou Eta Leta 2019 li a.

"Chak Nouyòkè dwe kapab jwenn aksè a koneksyon siyal telefòn selilè ki estab, poutan rejyon nò nou an t ap lite pandan twò lontan pou mete koneksyon ki vital pou lavi kotidyen ak komès disponib", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Jodi a, nou ap trase chemen an vè lavan lè nou tabli yon gwoup travay ki gen espesyalis sèvis siyal telefòn selilè, reprezantan eli ak defansè anviwòmantal yo ki pral devlope politik konkrè epi ede asire yo ofri sèvis siyal epi konstwi enfrastrikti pou li nan yon fason dirab."

"Tout Nouyòkè dwe gen sèvis siyal telefòn selilè fyab, epi nouvo gwoup travay sa a pral travay pou yo jwenn solisyon pou konble eka ki gen ladan yo", **Gouvènè Adjwen Kathy Hochul te deklare.** "Rezidan ak biznis ki nan kominote ak zòn rural rejyon nò eta a yo toujou ap fè fas a defi ki anpeche yo jwenn bon sèvis siyal telefòn selilè, epi nou vle asire nou reponn a pwoblèm sa yo yon fwa pou tout. Nou pran angajman pou n modènize enfrastrikti 21yèm syèk la pou l agrandi sèvis siyal yo ak ranfòse ekonomi an."

Gwoup travay la gen ladan espesyalis endistri a yo, lidè kominote yo, fonksyonè gouvènman, reprezantan anviwòmantal, ak lòt pati konsène enpòtan yo epi yo te angaje Alvarez & Marsal kòm konseye. Premye rankont gwoup travay la se jodi a.

Mank siyal rezo telefòn selilè nan rejyon nò eta a afebli kwasans ekonomik, afekte kominikasyon ak sekirite, epi anpeche adopsyon enfrastrikti minisipal entèlijan. Nan Rejyon Pak Adirondack la (Adirondack Park Region) ak lòt zòn rural ki nan rejyon nò eta a ki gen gwo eka nan zafè siyal, pwoblèm deplwaman sèvis selilè a te lakoz anpil enkyetid onivo lokal. Gwoup Travay la pral revize politik ki egziste deja yo, obstak potansyèl yo, ak resous ak sous finansman ki disponib yo ki gen ladan sipò federal, pou yo elabore rekòmandasyon reyalizab pou amelyore siyal telefòn selilè nan zòn ki manke sèvis siyal yo pami yo Adirondacks ak Catskills.

Men manm yo ki fòm Gwoup Travay sou Siyal Telefòn Selilè nan Rejyon Nò Eta a:

- **Barbara Rice**, Sekretè Adjwen pou Devlopman Ekonomik, Biwo Gouvènè Andrew M. Cuomo a
 - **Jeffrey Nordhaus**, Vis Prezidan Egzekitif, Inovasyon ak Transmisyon Laj Bann, Empire State Development
 - **Thomas Congdon**, Komisè Adjwen, Komisyon Sèvis Piblik Eta New York la (New York State Public Service Commission)
 - **William Farber**, Prezidan, Konsèy Sipèvizè, Konte Hamilton
 - **Chris Fisher**, Konseye ak Ansyen Prezidan, Asosyasyon Koneksyon San Fil Eta New York la (New York State Wireless Association, NYSWA)
 - **David Hopkins**, Direktè, E911, Konte Steuben
 - **Jeff Senterman**, Direktè Egzekitif, Sant Catskill
 - **Doktè Satya Sharma**, Direktris Egzekitiv, CeWIT, SUNY Stony Brook
 - **Michael Sprague**, Direktè, Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis Ijans (Division of Homeland Security and Emergency Services) Eta New York la
 - **Rick Weber**, Direktè Adjwen, Planifikasyon, Ajans Pak Adirondack Eta New York la (New York State Adirondack Park Agency)
 - **Betty Little***, Senatè Eta New York
 - **Jen Metzger***, Senatè Eta New York
 - **Rachel May***, Senatè Eta New York, Sena
 - **Aileen M. Gunther***, Manm Asanble Eta New York
 - **Billy Jones***, Manm Asanble Eta New York
 - **Angelo Santabarbara**, Manm Asanble Eta New York
- * *Manm De Dwa (Ex officio)*

Eta New York te fè anpil investisman istorik nan enfrastrikti ak disponiblite transmisyon laj bann. An 2015, Gouvènè a te lanse [Nouvo Pwogram NY Broadband lan](#) k ap koute 500 milyon dola pou moun ka rive jwenn aksè a siyal entènèt rapid toupatou nan eta a. Apre yo fin konplètman mete pwogram lan sou pye, plis pase 99 pousan Nouyòkè pral jwenn aksè a transmisyon laj bann a fil.

Komisè Pwovizwa, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral yo nonmen pou Empire State Development, Eric Gertler te deklare, "Chak Nouyòkè konnen fistrasyon yo santi lè yon apèl koupe oswa yo pèdi siyal. Sa menm yon pi gwo defi ankò nan zòn riral eta nou an yo, kote aksè a siyal mobil enpòtan pou komès ak kominikasyon. Lis manm enpresyonan ki fè pati gwoup travay la pran angajman pou yo asire ke tout rezidan yo ka patisipe nan ekonomi nimerik la, pandan y ap reponn a enkyetid anviwòmantal yo genyen sou nenpòt devlopman enfrastrikti yo ka bezwen kòmsadwa".

Sekretè Adjwen pou Devlopman Ekonomik lan, Barbara Rice te deklare, "Bon jan kalite sèvis siyal telefòn selilè se yon zouti esansyèl pou Nouyòkè yo k ap viv nan zòn riral ak zòn izole eta a yo—ak tout lòt kote nan New York—pou yo ka kominike ak zanmi yo ak fanmi yo, atire biznis epi menm fè devwa yo. Mwen paka tann pou m reprezante Gouvènè Cuomo nan Gwoup Travay sou Siyal Telefòn Selilè nan Rejyon Nò Eta a epi elabore vrè solisyon pou pote sèvis vital sa a pou Nouyòkè yo".

Jeffrey Nordhaus, ki se Vis Prezidan Egzekitif, Inovasyon ak Transmisyon Laj Bann Empire State Development lan, te deklare, "Gwoup Travay la pral plis devlope travay enpòtan nou te fè pandan 5 ane ki sot pase yo pou n pote pi bon transmisyon

siyal laj bann nan rejyon nò New York Igras a kòmansman pwosesis kote n ap abòde prèske menm eka ki genyen nan siyal telefòn selilè a. Eka sa yo, menm jan ak transmasyon laj bann lan, reprezante anpil pwoblèm pou devlopman ekonomik, touris ak sekirite piblik, epi nou paka tann pou n travay ak gwoup travay la pou n evalye rekòmmandasyon ak solisyon potansyèl yo".

Thomas Congdon, ki se Komisè Adjwen, Depatman Sèvis Piblik (Department of Public Service) Eta New York la te deklare, "Lè nou asire nou gen yon rezo siyal telefòn selilè solid nan Eta New York, sa pral ede estimile kwasans ak opòtinite ekonomik. Anplis de sa, l ap ofri jan de kominikasyon fyab ke nou tout vin depann de li jounen jodi a".

Prezidan Konsèy Sipèvizè Konte Hamilton lan, William Farber, te deklare, "Eta New York gen yon avantaj san presedan an konparezon ak lòt eta yo akòz de kantite koneksyon fib-a-kay ke yo te mete anplas nan kad Nouvo Pwogram NY Broadband lan. Pwochen etap la pral pou Nouyòkè yo jwenn aksè fyab a sèvis siyal telefòn selilè, epi Gwoup Travay sou Siyal Telefòn Selilè nan Rejyon Nò Eta a pral fè yon evalyasyon apwofondi sou bezwen siyal la pandan y ap elabore rekòmmandasyon politik konkrè ke eta ap ka reyalize pou ede ofri bon siyal".

Ansyen Prezidan ak Konseye Zafè Eta ak Lokal NYSWA a, Chris Fisher te deklare, "Onon Asosyasyon Koneksyon San Fil Eta New York la, mwen kontan anpil pou m fè pati gwoup travay Gouvènè Cuomo a epi ede elabore estrateji global avèk lidè eta ak lidè minisipal yo ki pral estimile devlopman enfrastrikti yo bezwen pou sekirite piblik ak avantaj ekonomik teknoloji san fil ka ofri nan rejyon Catskill ak Adirondack".

Direktè Sant Catskill la, Jeff Senterman te deklare, "Sèvis siyal telefòn selilè fyab se yon eleman esansyèl y ap ajoute nan Catskills ki pral rann lavi a pi fasil pou rezidan ak biznis yo, epi mwen paka tann pou m travay ak Gwoup Travay sou Siyal Telefòn Selilè nan Rejyon Nò Eta a pou n reponn a bezwen an nan yon fason dirab, ki favorab a anviwònman an".

Rektris SUNY an, Kristina M. Johnson te deklare, "Gouvènè Cuomo ap pran devan nan kad efò pou reponn a pwoblèm enpòtan sa k ap afekte anpil milye etidyan, pwofesè, ak anplwaye SUNY k ap viv ak travay nan kanpis nou gen nan rejyon riral gran eta sa a. Travay gwoup travay sa ap fè la pral asire gen siyal telefòn selilè ki pi estab, yon bagay ki vin esansyèl nan lavi ak nan aprantisaj. Lè gen pi bon rezo, sa pral pwoteje sante ak sekirite sitwayen k ap viv nan zòn izole sa yo tou, pandan l ap ranfòse vitalite ekonomik kominote sa yo".

Senatè Betty Little te deklare, "Pa gen okenn rejyon nan eta a, ki gen ladan North Country tou, ki ka pèmèt yo rete bloke nan 20yèm syèk. Kounye a, moun depann de telefòn selilè yo pou anpil rezon enpòtan, pami yo kapasite pou yo fè yon apèl telefonik ki ka sove lavi. Mwen aplodi gouvènè a paske l kreye gwoup travay sa a epi mwen paka tann pou m patisipe nan diskisyon yo ak nan devlopman yon plan ki pral konble eka ki genyen nan sèvis ke nou konprann ki kontrarye anpil moun k ap viv ak vizite rejyon nou an".

Senatè Jen Metzger te deklare, "Siyal telefòn selilè ki fyab se yon nesosite ekonomik ak sekirite piblik, poutan anpil zòn nan kominote riral mwen reprezante yo swa yo gen

sèvis fèb oswa pa gen sèvis ditou. Mwen paka tann pou m travay ak manm kòlèg mwen yo nan gwoup travay la pou n elabore yon plan reyalizab pou n konble eka ki gen nan sèvis siyal nan rejyon Catskills ak Mid-Hudson pou chak kominote gen zouti kominikasyon yo bezwen pou yo pwospere nan 21yèm syèk la".

Senatè Rachel May te di, "Sèvis telefòn selilè se yon bezwen ijan pou biznis, etidyan, sekouris ijans, ak rezidan ki nan zòn riral distri mwen an yo. Si nou pa asire gen bon kalite sèvis, kidonk kominote nou yo ap kouri gwo risk kote y ap kite yo dèyè sou plan ekonomik ak sosyal. Mwen remèsye Gouvènè Cuomo pou chans li banm pou m sèvi nan gwoup travay la kote nou pral travay sou solisyon pou rezoud pwoblèm sèvis siyal telefòn selilè nan rejyon nò eta a, epi mwen paka tann pou n livre rekòmandasyon politik reyalizab yo".

Manm asanble Eileen Gunther te deklare, "Catskills se zòn ki kwonikman manke sèvis sou plan aksè a sèvis siyal telefòn selilè. Elektè mwen yo pale avè m regilyèman konsènan mank sèvis siyal telefòn selilè ak siyal enstab ki genyen toupatou nan rejyon an. Mwen kontan pou m fè pati gwoup travay sa a epi nou pral travay pou n agrandi sèvis siyal telefòn selilè pou kouvri tout kote nan 100yèm distri a nèt. Sèvis siyal telefòn selilè pa yon liks, jounen jodi a li absoliman nesèsè, epi nou dwe travay pou n asire tout moun gen aksè a sèvis piblik presye sa a".

Manm Asanble Billy Jones te deklare, "Sèvis siyal telefòn selilè pa yon liks, men se yon nesèsite nan lavi kotidyen. North Country rete nan yon dezavantaj inik kote gen gran eka nan sèvis siyal telefòn selilè pandan twò lontan, sa k ap poze danje pou sekirite epi mete kominote nou yo nan yon dezavantaj sou plan ekonomik. Se yon lonè pou m fè pati Gwoup Travay sou Siyal Telefòn Selilè nan Rejyon Nò Eta a epi mwen paka tann pou n kòmanse jwenn solisyon pou rezoud pwoblèm sa ki la depi byen lontan".

Manm Asanble Angelo Santabarbara te deklare, "Jounen jodi a, nou depann de telefòn selilè ak aparèy pòtab nou yo chak jou pou tout bagay soti nan jwenn direksyon rive nan tcheke si pwòch nou yo byen. Laverite a sèke, pandan twò lontan Nouyòkè yo, espesyalman sila ki nan zòn riral yo toujou pa gen siyal telefòn selilè ki fyab, sa ki fòse yo pèdi nan chache siyal kote y ap plede mande 'ou ka tandè m kounye a?' Kreyasyon yon gwoup travay devwe ki pral egzamine pwoblèm enpòtan sa se premye etap nan bon direksyon. Lè moun ap viv nan zòn nou an nan rejyon nò eta New York, sa pa dwe vle di ou koupe tout kominikasyon ak rès mond lan oswa mete w nan yon dezavantaj ekonomik".

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)